

BAB I

BUBUKA

1.1 Kasang Tukang Panalungtikan

Salaku mahluk sosial tangtuna manusa teu leupas tina unsur kabudayaan. Utamana nagara Indonésia nu beunghar ku étnikna. Nurutkeun Koentjaraningrat (2009, kc. 169) anu kaasup cirina étnik téh diantarana; basa, pakéan, kasenian, jeung ciri fisik. basa, pakéan (kaasup dina pakakas hirup jeung téknologi), sarta kasenian kawengku kana tujuh unsur kabudayaan universal.

Pakéan miboga peranan penting dina kahirupan budaya. Pakéan mangrupa salasahiji kabutuhan utama pikeun manusa, dina hakékatna pakéan mangrupa hiji alat pikeun nutup aurat. Salianti éta pakéan ogé teu ngan saukur jadi pakakas kabutuhan manusa, pakéan ogé boga ajén ékonomi, basa, jeung ajén budayana. Kusabab manusa ogé miboga karep kana ajén éstétis anu mikacinta kana kaéndahan, ku kituna ieu hal ngahudang manusa pikeun ngajembaran modél jeung motif dina pakéanana. Di jaman kiwari ilaharna pakéan dijieun tina rupa-rupa kaén jeung rupa-rupa motif, éta kaén ogé aya nu digambaran atawa diwarnaan. Dina ngagambarna ogé aya anu geus miboga pakem husus aya ogé anu masih kawilang bébas. Pakéan bisa dijadikeun ciri has ti hiji daérah, saperti hal na batik anu geus kasohor tur loba nu mikareueusna kana ajén éstétis anu aya dina éta batik sahingga loba nu maké kana éta kaén batik. Kitu ogé nu aya di daerah Tasikmalaya utamana di kecamatan Kawalu aya kaunikan tina ngaéndahkeun hiji kaén nyaéta nu disebut bordél.

Dina ngamumulé pakéan asli Indonesia hususna Jawa Barat, diperlukeunna usaha sangkan ieu kaparigelan masarakat dina ngabordél pakéan nu dijieun jadi leuwih éndah, kudu ayana publikasi ngeunaan bordél, ajén éstétis nu aya dina tiap hasil bordélan sarta kaistiméwaanna perlu diperhatikeun.

Ngaput mangrupa hiji kaparigelan nu ngabutuhkeun konséntrasi nu leuwih pikeun meunangkeun hasil kaputan anu rapih kalayan hadé. Dina ngaput tangtuna aya léngkah-léngkah nu dilakukeun ti mimiti nyiapkeun nyieun pola nepi ka jadi hasil kaputan saluyu jeung pola nu dijieun. Ngaput nyaéta hiji pagawéan pikeun nyambungkeun kaén, bulu, kulit sato, jeung loba deui bahan-bahan séjén nu bisa

ngagunakeun jarum jait jeung benang. Ngaput bisa dilakukeun ngan ku leungeun kalayan make jarum atawa ngagunakeun mesin jait. Jalma nu migawé ngaput disebut tukang kaput. Tukang kaput pakéan lalaki disebutna *tailor*, sedengkeun tukang kaput awéwé disebutna *modiste*. (Wikipedia).

Ngabordél mangrupa hiji kagiatan tina kréasi kaparigelan ngahias kaén bisa ku cara tradisional ku leungeun. Bordél nyaéta hiasan nu dijieun dina luhur kaén atawa bahan-bahan séjén ngagunakeun jarum jeung benang. Salian ti benang, hiasan bordél ogé bias ngagunakeun bahan-bahan saperti potongan logam, mutiara, manic-manik, jeung payét. Tapi kiwari ku asupna téknologi anu canggih, ngabordél geus bisa ngagunakeun mesin ku cara di cetak. Loba konsép ngabordél nu bisa diguar tina cara prak-prakan ngabordél, alat jeung bahan bordél, bentuk atawa motif, kitu oge pola dina ngabordél, kalayan masih loba nu bisa kapanggih kunu nalungtik. Anapon kitu, pikeun mikanyaho istilah-istilah jeung struktur dina ngaput jeung ngabordél perlu dilaksanakeunna ieu panalungtikan.

Salah sahiji hakékat basa nyaéta basa miboga makna, sagala hal anu kaluar tina alat ucap manusa nu miboga makna disebut basa. Saperti halna dina struktur jeung istilah ngaput jeung ngabordél anu aya pakaitna jeung manusa. Ku kituna istilah-istilah nu aya dina ngaput jeung ngabordél tangtuna miboga makna. Élmu nu patali jeung ma'na nyaéta semantik. Semantik mangrupa cabang élmu linguistik nu ngulik ngeunaan ma'na. Pikeun maluruh ma'na léksikon anu digunakeun dina ngaput jeung ngabordél nu aya di Kacamatan Kawalu Kota Tasikmalaya nu satuluyna ditalungtik dina widang léksiko-semantik jeung étnolinguistikna. Sok sanajan dina ieu panalungtikan masih hésé manggihan référénsi katut hasil panalungtikan anu husus ngeunaan ngaput jeung ngabordél.

Ku kituna, ieu panalungtikan ngeunaan “Léksiko-semantik dina sistem pakasaban ngaput jeung ngabordél di Kecamatan Kawalu Kota Tasikmalaya perlu dilaksanakeun. Ieu panalungtikan dipiharep bisa ngajembaran pangaweruh ka nu maca hususna dina ngaput jeung ngabordél.

1.2 Rumusan Masalah

Dumasar kasang tukang masalah di luhur, mangka nu jadi masalah panalungtikana dirumuskeun dina wangun kalimah pananya di handap.

- a. Istilah naon waé nu kapanggih dina ngaput jeung ngabordél di Kecamatan Kawalu Kota Tasikmalaya?
- b. Kumaha wangun kecap dina istilah ngaput jeung ngabordél di Kecamatan Kawalu Kota Tasikmalaya?
- c. Kumaha ma'na kecap dina istilah ngaput jeung ngabordél di Kecamatan Kawalu Kota Tasikmalaya?
- d. Kumaha kahirupan ngaput jeung ngabordél di Kecamatan Kawalu Kota Tasikmalaya?

1.3 Tujuan Panalungtikan

Dumasar rumusan masalah di luhur, ieu panalungtikan miboga dua tujuan anu baris di hontal, nyaéta tujuan umum jeung tujuan husus.

1.3.1 Tujuan Umum

Anu jadi tujuan umum tina ieu panalungtikan nyaéta pikeun maluruh jeung ngadéskripsikeun ngeunaan ngaput jeung ngabordél di Kecamatan Kawalu Kota Tasikmalaya dumasar kana léksiko-semantik jeung étnolinguistik nu aya di jerona.

1.3.2 Tujuan Khusus

Dumasar kana masalah anu geus dirumuskeun di luhur, sacara husus ieu panalungtikan miboga tujuan hayang ngadéskripsikeun:

- a. istilah-istilah anu kapanggih dina ngaput jeung ngabordél di kecamatan Kawalu Kota Tasikmalaya.
- b. wangun kecap dina istilah ngaput jeung ngabordél di Kecamatan Kawalu Kota Tasikmalaya
- c. ma'na kecap dina istilah ngaput jeung ngabordél di Kecamatan Kawalu Kota Tasikmalaya

- d. kahirupan ngaput jeung ngabordél di kecamatan Kawalu Kota Tasikmalaya.

1.4 Mangpaat Panalungtikan

Aya dua manfaat nu dipiharep tina ieu panalungtikan nyaéta mangpaat teoritis jeung mangpaat praktis.

1.4.1 Mangpaat teoritis

Mangpaat teoritis tina ieu panalungtikan nyaéta pikeun ngeuyeuban jeung nambah élmu pangaweruh ngeunaan léksiko-semantis dina ngaput jeung ngabordél di Kecamatan Kawalu Kota Tasikmalaya dumasar kajian struktur jeung etnolinguistik.

1.4.2 Mangpaat praktis

Sacara praktis, ieu panalungtikan dipiharep miboga manfaat hususna pikeun nu nalungtik, dunya atikan, jeung masarakat.

- 1) Pikeun nu nalungtik, bisa nambahan pangaweruh ngeunaan tradisi ngaput jeung ngabordél anu aya di kecamatan Kawalu kabupaten Tasikmalaya.
- 2) Pikeun dunya atikan, bisa dimangpaatkeun pikeun bahan ajar jeung mikanyaho ngeunaan léksiko-semantik dina ngaput jeung ngabordél jeung ajén-ajén étnolinguistik nu aya dijerona.
- 3) Pikeun masarakat, ieu panalungtikan dipiharep bisa nambahan pangaweruh hususna dina widang usaha, numuwuhkeun minat jeung karesep sangkan bisa ngalarapkeun tradisi ngaput jeung ngabodrél dina pakasaban sapopoéna.

1.5 Raraga Tulisan

Dina ieu tésis ngawengku lima bab kalayan ngagunakeun raraga tulisan saperti ieu di handap.

Dina bab I mangrupa bubuka, nu ngawengku kasang tukang panalungtikan, watesan masalah, rumusan masalah, tujuan panalungtikan anu

ngawengku tujuan umum jeung tujuan husus, mangpaat panalungtikan boh mangpaat tioritis boh mangpaat praktis, jeung raraga nulis.

Bab II eusina ngeunaan Ulikan Pustaka anu ngawengku léksikon, , wangun kecap, semantik, ngaput, ngabordél, jeung ulikan etnolinguistik tina ngaput jeung ngabordé,. panalungtikan saméméhna, jeung raraga mikir.

Dina bab III dipedar ngeunaan metodeu anu digunakeun dina ieu panalungtikan anu ngawengku desain panalungtikan, sumber data, instrumén panalungtikan, téhnik ngumpulkeun data, jeung analisis data.

Bab IV eusina ngeunaan hasil panalungtikan jeung pedaran hasil panalungtikan "Léksiko-Semantik dina Pakasaban Ngaput jeung Ngabordél di Kecamatan Kawalu Kota Tasikmalaya (Ulikan struktur jeung Etnolinguistik)".

Dina bab V dipedar ngeunaan ngeunaan kacindekan, implikasi jeung rekomendasi tina hasil panalungtikan "Léksiko-Semantik dina Pakasaban Ngaput jeung Ngabordél di Kecamatan Kawalu Kota Tasikmalaya (Ulikan struktur jeung Etnolinguistik)".